druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

# ГЬУДУЛЛЪИ ДРУЖБА

№ 52 (10218) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2021 сон. 27 август / Рузман

**Районалъул администрациялда**

# Кандидатазулгун дандчIвай



Араб анкьалъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде депутатлъиялъе кандидатура лъурал Болъихъ районалдаса "Единая Россия" партиялъул вакил МухIамад ПатхIулаевасул ва "Справедливая Россия" партиялъул вакил Майирбег Алхасовасул районалъул бетIер Р. ХIамзатовасулгун дандчIвай.

Гьединго гьеб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна: росабазул администрациязул бутIруз, районалда ругел идарабазул ва райадминистрациялъул отделазул нухмалъулез .

Жиндирго кIалъаялъулъ Руслан ХIамзатовас кIудияб божилъи загьир гьабуна рехсарал кандидатаз жидерго хIалтIудалъун халкъалъе кIудияб пайда кьезе букIиналда.

-Районалъул халкъалда цо нухалда гуро бихьараб политикаялъулъ нужер бугеб хIалбихьи, ва гьединго битIараб нух тIаса бищизе бугеб гьунарги. Гьединлъидал, ракIалда ккола, щивав чияс кIудияб божилъи иргадулаб нухалъги нужеда гьабилин абун,-ян абуна районалъул бетIерас.

Гьединго данделъиялда борхана районалда бугеб социально-экономическияб ахIвал-хIалалъул суал; нухазда, школазда, ясли-ахазда ремонталъулал хIалтIаби гьариялъул суал; лъел ва цогидалги гIунгутIаби тIуразе ккеялъул суал. КIудияб кIвар кьуна коронавирусалда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалдеги: унти тIибитIиялда хурхун гьарулел цIодорлъабазде ва гьелде данде профилактика тIобитIиялъул низам нухда бачиналъул суалалдеги.

ЦРБялъул бетIерав врач МухIамад Запировасул рагIабазда рекъон, районалда жеги гIодоцун гьечIо коронавирусалъул кьаби. Ва гьелде данде гьабулеб хIалтIул бищунго гучаблъун гьес рикIкIунеб буго ан вакцинация гьаби.

Данделъиялъул ахиралда Руслан ХIамзатовас лъикIаблъун бихьизабуна, кандидатаз росабалъе сапар бухьи, росдал гIадамалгун дандчIван гьезул пикру лъазе гьаби ва бажарараб хIалалда халкъалъул мурад тIубай.



# АВГУСТАЛЪУЛАБ СОВЕЩАНИЕ



Сонайилго гIадин исанаги августалъул ахиралда райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъабазул совещание. Ана гьеб "От национальных идей и стратегических задач к новому качеству образования" абураб ахIиялда гъорк. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, депутатазул Собраниялъул председатель МухIамаднаби ГIумаровас, райадминистрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель АхIмад Лабазановас, Дагъистан Республикаялъул Минобороннаукаялъул гIаммаб лъай кьеялъул отделалъул бетIерав специалист-эксперт Раисат ГIабдулбасировалъ, лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIажигIиса ИзмагIиловас ва школазул нухмалъулезгун мугIалимзабаз.

Данделъиялъул байбихьуда районалъул бетIерас баркана тIаде щвараб цIалул цIияб сон.

Гьесдаса хадув докладгун кIалъазе вахъана ХIажигIиса ИзмагIилов. Гьес гIатIид гьабун бицана 2021-2022 соналъе хIалтIи гIуцIиялъул ва кинал тIокIлъаби гьелъул ругебали.Роспотребнадзоралъул нухмалъулесул ишал тIуралев Зубаир Зубаировас бицана коронавирусалъулаб инфекциялде данде гьабизе цебе лъураб масъала школазда гIуцIун букIиналъул, ва цIалдохъаби къабул гьаризе школаби хIадур рукIиналъул.

ЦРБялъул бетIерав врач МухIамад Запировас рагьана районалда коронавирусалъул бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъикъат ва бицана вакцинаялда сверухъ гьабулеб хIалтIул.

Гьединго кIалъазе рахьана ООП ОМВДялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадхIабиб ХIусенов, ТIандо СОШалъул директор Эльмира ГIисаева, "Аист" ясли-ахалъул тарбиячIужу ПатIимат ГIалиева, РЦ ДОДЮялъул мугIалим ХIажи Зубаиров.

Киналниги лъай кьеялъул хIалтIухъабазда цIияб цIалул сон баркун кIалъана МухIамаднаби ГIумаров ва Раисат ГIабдулбасирова.

Данделъиялда жеги борхана "100 школа" абураб проект рагIалде бахъинабиялъул суалги.

Руслан ХIамзатовас бичIчIинабуна тIоцебесеб иргаялда хIалтIул качествоялде кIвар кьезе букIин, хIинкъи гьечIолъи ва лъималазе хинаб квен чIезабиялда сверухъ ясли-ахалгун школаби хал кквеялда гъорк рукIине рукIин. ОГЭялдегун ЕГЭялде ва олимпиадабазде лъимал хIадуриялъул качество борхизаби нужер масъалалъунго букIине кколин мугIалимзабаздехун хитIабги гьабуна.

Инсан лъугьиналъе аслияб бакIалда букIуна лъай. Гьединлъидал, школаздагун ясли-ахазда гIуцIизе ккола лъикIал шартIал, цIи гьабизе ккола материалиябгун-техническияб база, батIи-батIиял лъай кьеялъе хIажатал программаби,-ян тIадеги жубана районалъул бетIерас.

Данделъиялда рорхана цере лъурал масъалаби, гIузраби, гьабуна хIалтIул хIасил.

Ахиралда хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал мустахIикълъана грамотабазе.

**З. МухIамадова.**



# ХIАЛТIИ БУГЕЛЪУБ

**ГIемер заман гьечIо «Хелетуринский» СПКялъул гIатIидаб ревизия гьабуралдаса. Ревизиялъулаб комиссиялъул гIахьалчи Юнус АхIмадовасулгун гьеб ревизиялда хурхун нижер мухбирасул букIана гьадинаб гара-чIвари.**

**Юнус, нужер комиссия гьал къояз тIад буссана «Хелетуринский» СПКялъул ревизияги гьабун. Бокьилаан лъазе щиб ккараб гьеб ревизия гьабиялъе гIиллалъун?**

-Ревизия гьаби тIалаб гьабуна СПКялъул правлениялъ .ГIиллалъун, къокъго абуни, ккана гIадамазул гIарзал.

**Дида лъалеб рахъалдаса, хелкьадерил районалдаго лъикIаблъун рикIкIунеб СПК буго. Гьениргиийщха ругел гIадамал рази гьечIел, гIоларел рахъал.**



-Хелкьадерил СПК, хIакъикъаталдаги, районалда гуребги, Республикаялдаги лъикIазда гьоркьоб рехсолеблъун ккола. ГIадамал рази гьечIолъиялъе ругел гIунгутIаби тIатинари, гьелда хурхун магIишаталъул киналниги рахъазул хал гьаби-гьеб букIана ревизиялъулаб комиссиялда цебе районалъул нухмалъулез лъураб аслияб масъалаги. Комиссияги гIуцIцIун букIана районалъул УСХялъул хIалтIухъабиги, Бабаюрталда бугеб ветучасткаялъулги, «Хелетуринский» СПКялъулги хIалтIухъабиги, хелкьадерил советалъул райсобраниялъул депутаталги гIахьал гьарун, кинавниги анкьго чиясдаса гIуцIараб.

**Нужер хъулухъалъулаб сапар гьаб нухалъ цIакъго халат бахъанилан ккола…**

-БитIараб буго, лъебергогIанасеб къо бахъана нижеца нижеда цебе лъураб масъала тIубалаго. Гьеб заманалда жаниб гьеб магIишаталъул киналго ракьазул мухIканаб ревизия гьабуна.

**ХIасилал киналха гьелъул?**

-Хелкьадерил буго боцIи гIезабулеб ва хур-хер хIалтIизабулеб магIишат.

Гьеб кIиябго суалалда хурхун буго халкъалъ дагIба балебги. Абулеб буго боцIиги дагь гьабун, ракьал хIалтIизаризе бокьаразе рикьеян абун. Баян кьелин гьелъие. БоцIи дагь гьабизеги гьеб цIикIкIинабизеги ихтияр буго СПКялъул хIалтIухъабазул гIаммаб собраниялъул хIукмуялда рекъон. Амма СПКялда тIад щула гьарун ругел ракьал арендаялъе кьезе председателасул, я добго гIаммаб собраниялъул ихтияр гьечIо, гьеб суал буго Республикаялъул ракьмулкалъул Министерствоялъул ихтиярялда. Гьеб суал нижеца мухIкан гьабуна халкъалъеги.

**Гьеб ракь хIалтIизабиялъул къагIидаби хисизе бегьулищ?**

-Узухъда бегьула. ГIаммаб собраниялъул хIукмуялда рекъон рекьулел ракьал харибакIазде сверизаризеги, харибакIал рекьизеги, бахча гьабизеги, бокьараб къагIидаялъ хIалтIизаризе бегьула. Амма ракьал, гьабураб хIукмуялда рекъон, хIалтIизаризе ккола, рехун течIого.

**ГIадамаз жидерго гIи-боцIуе хер гьабизе абун СПКялъ кьураб 100 гектар ракь бекьичIого цо нухальги бецичIого, боцIиги биччан, 200-300 тонна харил гьечIого хутIана. Гьединго гIадамазул боцIуда гьоркь буго СПКялъул 350 га 2007 соналдаса, СПК-ялъ налогалги кьун. ГIадамал хIалтIудальун хьезариялъул ва гьезие хIалтIухъ мухь кьеялъул суал кин бугеб СПКялда гIуцIцIун?**

-СПКялъул ракьазда «Новохелекьури» росулъ гIумру гьабулеб буго кинавниги 615 чияс, гьезда гьоркьов хIалтIизе бажарулев (гIурусалъ абуни-трудоспособный) 200 чи вуго. СПКялда хIалтIулев вуго 30 чи. Гьаниб бокьун буго цо мисал бачине: сезоналда доярказул харж бахунеб буго 35 азарго гъурщиде, амма гьеб магIишаталъул къоло хадуб гIака хутIулеб буго бечIичIого-доярказби щоларого. Сезонниял хIалтIабазеги, дорагьаниса ралагьун, рачине кколел руго кьватIиса гIадамал. Росдал магIишаталда гьарулел хIалтIаби захIматал руго, гьелда дун разияв вуго, амма хIалтIизе бокьарав чи гьабизе хIалтIи гьечIого хутIизе гьечIо.

ХIалтIухъабазе харжал кьеялъул суалги квеш гьечIо. Гьоркьоб къотIичIого хIалтIухъабазе мухь кьолеб буго щибаб моцIалъул ахиралда.

Гьединго, гьабураб хIалтIул къадаралъухъ балагьун, хIалтIухъабазе кьолеб буго хер, ролъ, гьан ва гьеб гуреб цогидабги. Жиндир заманаялъ кьолел руго хIалтIухъабазул налогал, социалиялгун медициналъул страховиял взносал. 2017-2021 соназ «Хелетуринский» СПКялъ кьураб налогалъул къадар бахунеб буго 2201600 гъурщиде. ХIалтIулезул, гьоркьоб къотIичIого, рикIкIунеб буго стажги.

**СПКялда хIалтIулел гьечIел гIадамазе кинаб бугониги кумек бугищ гьеб магIишаталъул рахъалдаса.**

-Районалъул цогидал магIишатазги мисал босизе мустахIикъаб хIал буго хелкьадерил гьеб рахъалъ. Гъутаналдаги магIарухъги ругел мажгитазе, имамзабазе, къварилъи-гIатIилъиялде ккарал гIадамазе, медпунктальe, школазе, спортзалалъе, лъим бачине, нухал къачIазе…кумек щваразул сияхI халатаб буго. Дица гьаниб гIаммаб къадар гIарцул рехсела, лъабго соналда жаниб халкъалъе кумек гьабун буго 1703585 гъурщие. Узухъда, гьеб кинабго гьабулеб буго СПКялъул правлениялъул хIукмуялда рекъон. Росулъ буго газ, бачун буго лъим, буго спортзал, чабах чIван къачIараб нух, лъикIаб школа, анцIго чиясе хIалтIизе бакI бугеб завод, щибаб цIаракиялда 20 сотых ракьалъул. 30-40 цIияб минаги бан гIуцIун буго цIияб къватI.

**Дуца кьолел баяназухъ гIенеккараб мехалъ, бер кколеб хIал буго гьеб магIишаталъул. Халкъалъул разилъи гьечIолъиялъе гIилла щибха бугеб?**

-БоцIуда ва ракьазда хурхарал суалазе тIадехун баян кьуна дица. Цоги гIунгутIаби -СПКялъул Устав бихьизе гьабулеб гьечIилан, правлениялда гьоркьор председателасул гIагарлъи бугилан ва гьезда гьоркьоб магIишаталъул буголъи бикьун бугилан. Гьелги цогидалги гIарзаялда рехсарал суалал мухIкан гьариялъе ва хIакъикъат халкъалда лъан букIине, нижеца комиссиялда гьоркьор гIахьал гьарун рукIарал кIиявго депутатасухъе кьуна 51 тIамчида хъварал баянал. Правлениялда гьоркьорги председателасул гIагарлъи батичIо, гьенир



руго СПК гIуцIцIилелдего колхозалда хIалтIулел рукIарал ригь арал чагIиги, гIолохъанлъиялъул вакилзабиги. Гьеб правлениялъул собрание букIун буго 2018 соналъул 17 апрелалъ, хIисаб кьеялъулгун-рищиязул (отчетно-выборное) собрание букIун буго 2020 соналъул 6 апрелалъ, гьезул протоколалги руго.

**СПКялъул председателасул хIалтIудехун кинаб бербалагьи бугеб халкъалъул ва кинаб къимат кьураб гьелъие ревизиялъул комиссиялъ?**

-Хелкьадерил «Ленинил» цIаралда бугеб колхозалъул бакIалда 2007 соналъ гIуцIцIана СПК «Хелетуринский». Гьелдаса нахъе гьеб магIишаталъе нухмалъи гьабулеб буго росдал магIишаталъул мустахIикъав хIалтIухъан ХIажимурад Назировас. Добго заманалда, хIалтIухъабазул гIаммаб собраниялъ гьесда цебе лъураб масъала букIана киналниги рахъалъа магIишат районалдаго цебетIураблъун гьабизе, гьелъул буголъи цIикIкIинабизе.

# ХАБАР КАМУЛАРО

Гьеб цебе лъураб масъала ХIажимурадица тIубанилан абизе бегьула. Гьесул хIаракатчилъиялъулги, росдал жамагIаталъул ва районалъул администрациялъул рахъкквеялъулги хIасиллъунги буго гьеб магIишат цIунун хутIиги ва гьелъул цебетIейги. Такрарлъулевги ватила дун, хелкьадерил СПК районалда гуребги, Республикаялдаги лъикIаблъун рикIкIунеб магIишат буго.

Жакъа гьеб магIишаталъул балансалда буго 2260 гектар ракь, 535 чегIерхIайван, 12 единица сельхозтехника, магIишаталъе къваригIелалъе хIалтIизаризе ран руго бакIал.

Гьаниб лъикIаб рагIудалъун рехсечIого гIоларо колхозалъе гIи-боцIул комплексги, фермабиги, контораялъе кIитIалаяб минаги базе квербакъи гьабурав, общественниявгун политикияв хIаракатчи, мунагьал чураяв МухIамадтIагьир ГIабдулбасировасулги, гьеб колхоз цIунарав ва, майилан, хелкьадерихъе кьурав МухIамад ГIумаровасулги цIарал. Гьезул баракаталдалъун цебетIурабги ва цIунун хутIарабги магIишат буго хелкьадерил.

Ревизиялъулаб комиссиялъ гьабураб хIалтIул хIасилал данде рачана гьал къоязда районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас гьабураб данделъиялда. Гьенир гIахьал гьарун рукIана магIарухъги гъутаналдаги ругел имамзаби, росабазул вакилзаби, депутатал ва районалда ругел хелекьалги.

ЧIванкъотIараб, киналго разияб хIукмуги гьабуна гьениб:

магIарухъги гъутаналдаги бугеб кIиябго росдае СПКялъ 500 аза-азаргогIанасеб гъурущ харж гьабизе халкъалъул социалиял рахъал лъикIлъизариялъе;

СПКялъе зарал кколареб хIалалъ, 50-60 хIайваналъ боцIиги дагь гьабун, 150-180 гектар ракьалъул магIишаталда жанибго аренда хIисабалда гъутаналда чIарал, хIалтIи гьечIого хутIарал гIадамазухъе хIалтIизабизе кьезе,

гьел гIадамал СПКялъул хIалтIухъабилъунги росун, законалде данде кколеб хIалалъ, Устав хисизе,

хIалтIулел гIадамазул сияхI (список) рукIалиде бачине.

Гьенибго районалъул бетIерас лъазабуна гьеб магIишаталъул рахъкквей жиндир ва райадминистрациялъул рахъалдаса кидаго букIине бугиланги. «Хелетуринский» СПКялъул хIалтIул къагIида районалъул цогидал магIишатаздаги билъанхъизе гьабизе кколиланги абуна Руслан ХIамзатовас.

**Баркала, Юнус.**
**Гара-чIвари гьабуна**
**А. Агъларовас.**

## Государственное учреждение – Региональное отделение Фонда социального страхования Российской Федерации по Республике Дагестан напоминает.

Уважаемый страхователь!
Обязанности страхователей:

• Ежемесячно, до 15 числа уплачивать страховые взносы. Внимание! В случае неуплаты страховых взносов в установленный срок начисляются пени, а обязанность по уплате исполняется в принудительном порядке за счет денежных средств на счетах плательщика в банках (инкассовые поручения).

•Ежеквартально предоставлять расчет по начисленным и уплаченным страховым взносам:
- в электронном виде – не позднее 25-го числа месяца, следующего за отчетным периодом;
- на бумажном носителе – не позднее 20-го числа месяца, следующего за отчетным периодом.
Внимание! Расчет обязательно представляется в электронном виде, если у страхователя среднесписочная численность работников превысила 25 человек.

• Ежегодно, до 15 апреля, подтверждать основной вид экономической деятельности для установления тарифа по взносам на страхование от несчастных случаев на производстве и профзаболеваний.

Права страхователей.

• Бесплатно получать информацию о законодательстве РФ о страховых взносах, порядке исчисления и уплаты взносов, разъяснения о порядке заполнения форм отчетности.

• Обращаться за получением средств, необходимых на выплату страхового обеспечения работникам (сверх начисленных страховых взносов).

• Участвовать в установлении скидок и надбавок к страховому тарифу страховых взносов на страхование от несчастных случаев на производстве и профзаболеваний.

• Обжаловать в установленном порядке акты органов контроля и действия (бездействие) их должностных лиц.

Дополнительную информацию можно получить по адресу: г. Махачкала, ул. Богатырева, д.8, телефон - 56-03-41

*ГУ – региональное отделение ФСС РФ по Республике Дагестан сообщает*

Реализована возможность **информирования страхователей на адреса электронной почты** обо всех изменениях в законодательстве Российской Федерации по вопросам обязательного социального страхования.

**Чтобы получать информацию по электронной почте, страхователю нужно:**

1. **Выразить письменное согласие** (форма размещена на сайте ГУ–РО ФСС РФ по РД http://r05.fss.ru/).
2. **Предоставить подписанное согласие в филиал № ГУ – РО ФСС РФ по РД любым удобным способом:**
   - по электронной почте на адрес info@ro5.fss.ru ;
   - через ПГУ;
   - через Личный кабинет Страхователя;
   - почтовым отправлением;
   - лично.

ГОТОВО!

**С этого момента ваша организация будет получать актуальную информацию по вопросам социального страхования в электронном виде!**

- ✓ **Чтобы быть в курсе нововведений в законодательстве о страховых взносах;**
- ✓ **Чтобы вовремя узнать об изменении формы расчета;**
- ✓ **Чтобы получать напоминания о сроках сдачи отчетности, наличии переплаты или задолженности;**
- ✓ **Чтобы знать о датах и времени проводимых органами Фонда семинарах, обучениях и совещаниях**

**НУЖНО**

ШАГ 1.

**Выразить письменное согласие на информирование по электронной почте (форма размещена на сайте ГУ–РО ФСС РФ по РД** http://r05.fss.ru/).

ШАГ 2.

**Предоставить подписанное согласие в ГУ – РО ФСС РФ по РД любым удобным способом:**
- по электронной почте на адрес ____________;
- через ПГУ;
- через Личный кабинет Страхователя;
- почтовым отправлением;
- лично.

ГОТОВО!

ПОЗДРАВЛЯЕМ! **С этого момента Вы будете получать актуальную информацию по вопросам социального страхования в электронном виде!**



## *Информирование и сопровождение застрахованных лиц при оказании медицинской помощи при онкологических и сердечнососудистых заболеваниях, проводимых контрольно-экспертных мероприятиях, направленных на защиту прав пациентов*

**Страховая медицинская организация осуществляет информационное сопровождение застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи и обеспечивает информирование застрахованных лиц и их законных представителей, в том числе по обращениям, путем организации работы с застрахованными лицами уполномоченных лиц страховой медицинской организации (далее - страховые представители), о:**

**1) медицинских организациях, осуществляющих деятельность в сфере обязательного медицинского страхования на территории субъекта Российской Федерации, режиме их работы;**

**2) праве выбора (замены) и порядке выбора (замены) страховой медицинской организации, медицинской организации и врача;**
**3) порядке получения полиса;**

**4) видах, качестве и об условиях предоставления медицинской помощи в рамках базовой и территориальной программ;**

**5) прохождении, в том числе в вечерние часы и в субботу, профилактических медицинских осмотров, диспансеризации, в том числе для выявления болезней системы кровообращения и онкологических заболеваний, формирующих основные причины смерти населения, а также о возможности дистанционной записи на медицинские исследования;**

**6) прохождении диспансерного наблюдения застрахованными лицами, включенными в группы диспансерного наблюдения при наличии оснований согласно порядкам и срокам проведения диспансерного наблюдения, установленными уполномоченным федеральным органом исполнительной власти в сфере охраны здоровья, в том числе онкологическими больными;**



**7) перечне оказанных медицинских услуг и их стоимости (на основании принятых от медицинских организаций реестров счетов за оказанную медицинскую помощь);**
**8) выявленных нарушениях по результатам проведенного контроля объемов, сроков, качества и условий предоставления медицинской помощи застрахованным лицам (по обращениям застрахованных лиц).**
**Рассмотрение жалоб застрахованных лиц, включая организацию экспертизы качества оказанной им медицинской помощи и обеспечение при наличии индивидуального согласия информационного сопровождения застрахованных лиц при организации оказания медицинской помощи, в том числе индивидуального информирования и сопровождение застрахованных лиц по результатам профилактических медицинских осмотров и диспансеризации, а также лиц, находящихся под диспансерным наблюдением, информационная работа с застрахованными лицами о необходимости своевременного обращения в медицинские организации в целях предотвращения ухудшения состояний здоровья и формирование приверженности к лечению осуществляются страховым представителем страховой медицинской организации, являющимся специалистом-экспертом.**

**Застрахованное лицо имеет возможность получить доступ к сведениям об обращениях за получением медицинской помощи в личном кабинете Единого портала государственных и муниципальных услуг (функций).**
**При выдаче направления на госпитализацию в плановом порядке лечащий врач обязан информировать застрахованное лицо или его законного представителя о медицинских организациях, участвующих в реализации территориальной программы, в которых возможно оказание специализированной медицинской помощи с учетом сроков ожидания указанного вида медицинской помощи, установленных территориальной программой. На основании указанной информации застрахованное лицо или его законный представитель осуществляет выбор медицинской организации для оказания ему специализированной медицинской помощи.**
**Страховая медицинская организация обеспечивает контроль за соблюдением прав застрахованных лиц, в том числе с онкологическими заболеваниями, на оказание медицинской помощи в соответствии с порядками оказания медицинской помощи, на основе клинических рекомендаций и с учетом стандартов медицинской помощи, в том числе своевременного проведения диагностических исследований и лечебных мероприятий.**

**Страховой представитель ежемесячно осуществляет информирование застрахованных лиц, подлежащих профилактическому медицинскому осмотру, в том числе в рамках диспансеризации, диспансеризации или диспансерному наблюдению в текущем году, в том числе лиц, не прошедших данные мероприятия, или законных представителей застрахованных лиц о возможности прохождения профилактического медицинского осмотра, диспансеризации или диспансерного приема (осмотра, консультации). Каждое застрахованное лицо, включенное в список для прохождения профилактических мероприятий, информируется один раз и один раз повторно, при неявке на профилактические мероприятия.**

**Страховая медицинская организация осуществляет досудебную защиту прав застрахованного лица.**

**Курбандибиров Х.М.**
**Директор Ботлихского филиала ТФОМС РД.**

## Уважаемые налогоплательщики!!!

Межрайонная инспекция Федеральной налоговой службы № 12 по Республике Дагестан сообщает, что с 1 января 2022 года все юридические лица, индивидуальные предприниматели и нотариусы имеют право получить ключ электронной подписи (КЭП) Удостоверяющим центром ФНС России. Получение подписи бесплатно и экстерриториально, то есть заявитель может обратиться в любую точку УЦ ФНС России. Заявителю необходимо приобрести носитель, на котором будет сгенерирована подпись, то есть закрытый ключ, и затем уже выпустить сертификат.

1994 соналъ АнсалтIа СОШалъ ГIабдулмажидов МухIамад Хайрулаевичасул цIаралда кьураб аттестат Б № 278220 билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.


ГЪУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**Директорасул ишал тIуралев**
**А. Агъларов**
**Мухбирзаби:**
**ГI. МухIамадова**
**П. Дибирова**
**П. Камилова**
**М. МухIамадова**
**ХI. ХIасанхIажиев**
**Фотокорреспондентал:**
**К. Камилов**
**Ш. МуртазагIалиев**
**Корректор**
**П.МухIамадова**
**Наборщица**
**П. Эльдарова**
**Дизайнер**
**С. Камилова**

***Индекс: 368970***
***Адрес:***
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103
***Телефон:***
***Директорасул 8928 680 50 42***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

***Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61***
***Тираж -600 Индекс-51349***

*Заказ № _____*

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.**
**от 31 мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**